ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ПЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№111 (22.019) ● 2011 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 17, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Къанокъуэ Арсен Эверест и щыгум дэкІа хъыджэбзым йохъуэхъу

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен вэсэмахуэ иригъэблагъащ дуней псом щыгъэхъ лъагэ Эверест и щыгум дэкІа Мэз Каринэ.

КъБР-м и Гэтащхьэр Джомолунгмэ къэзыгъэІурыщІа хъыджэбзым ехъуэхъуащ икІи а Іуэху мытыншыр зэрызригъэхъулІа ЩыкІэмкІэ еупщІащ. Мэз Каринэ зэрыжиІамкІэ, Эверест дуней псом зэрырыцнэхъ лъагэм къыдэкІуэу, абы удэкІыныи икъукІэ гугъущ икІи а Іуэхум елаІэу зыхуэгъэхьэзырым хуейщ. Ауэ хъыджэбзым и мурадхэр нэхъ иныжщ. Абы гъэ къакІуэ зрипщытынущ Кашмир хиубыдэ К2 щыгум. «Псори зэхэту абы щыхубзи 6 дэкІыфауэ аращи, ди къэралым щыщу зыри яхэткъым. Сэ си мурадщ Урысейм щыщу ящ дыдэу а бгым и щыгум сынэсыну», - жиІащ Мэз Каринэ.

КъБР-м и Президентым апхуэдэ мурадыр альпинисткэм диІыгъащ икІи ахъшэкІэ дэІэпыкъуну къиГъэгугъащ. Абы къыдэкІуэу республикэм и Іэтащхьэм тэмэму къыхьыятащ КъБР-м и спортсменхэм къырхэм дэкІыным зыщыхуагъэсэн ухуэныгъэ (скалодром) ди деж щыщІыныр.

ЗэІуэщІэм и кІэухым Къанокъуэ Арсен жиІащ Мэз Каринэ «Къэбэрдей Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымкІэ щІыхь зиІэ и лэжьакІуэ» цІэ лъапІэр зэрыфІащар. Хъыджэбзми Къанокъуэ Арсен тыгъэ хуиущІащ дуней псом щыгэхъ лъагэ щыгум щыдэкІым иІыгъа, адыгэ фащэ зыщыгъ гуащэр.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ Іапі э.

● Политикэ партхэм

Дэтхэнэ зыри

Мэкъуауэгъуэм и 16-м Налшык щекІу экІащ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и XXX отчет-зэхьыныгъэ конференцыр.

ЗЭЩІЩЭМ хэтащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен**, Парламентымрэ Правительствэмрэ я Мафэщ Іхэр **Чеченов Ануаррэ Гертер Иванрэ**, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат **Щхьэгуэш Адэлбий**, КъБР-м и Парламентым и УнафэщІ и яп э къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм и секретарь **Жаным Руслан** сымэ, нэгъуэщІхэри.

Конференцым щытепсэлъыхьащ 2007 гъэм мэкъуауэгъуэм и 16-м къыщыщІэдзауэ блэкІа илъэсиплІым «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ къудамэм зэфІиха лэжьыгъэхэм, а пІалъэ дыдэм кьриуфыдэу абы и кІэлитІым я зыужьныныгъэм зегъэужьыным егъэщІылІа Іуэхухэм. Лъэныкъуэхэр Іуэху куэдкІэ зэгурыІуащ. Апхуэдэу Іэтащхьэхэр тепсэлъыхьащ экономикэ, политикэ, дунейпсо Іуэхухэм.

Медведев Дмитрий къыхигъэщхьэхукІащ Урысейм рэ КНР-мрэ я зэхуэцытыкІэхэм ІэнатІэ куэд къызэрызэщІаубыдэр. «Дэ дызэгъэнэгъуэ икІи ди зэхуэдэ сэбэн зыхьэлъ Іуэхуэхэр гъунэжщ. Иджыблагъэ дэ дыщызэхуэзащ «Шанхай гупым» хэтхэм ирагъэкІуэкІа зэІуэщІэм. Иджы мурад тщІащ абы щызэдухылІахэр нэхъ куу тщІыну», - жиІащ УФ-м и Іэтащхьэм.

Псори егъэпІейтей

Къэрал Думэм мыгувэу кьыщащтэну кьыщІэкІынущ школакІуэхэр фадэмрэ наркотикхэмрэ демыгъэхьэхьыныкІэ лъжьыщхьэхэр зыубзыху хабзэр.

Иужь зэманым я жагъуэ хьууэ куэдым кьыхагъэщхьэхукІ ныбжьыщІэхэр щхъухьым кІуэ пэтми нэхьыбэу зэрызэщІиубыдэр. Мы Іуэхур псом хуэмыдэжу шынагъуэ щыхьуащ Москва кьалэм.

♦ЩІыр игъущыкІыныбэрэ уэгъумрэ япэнІэтыным и дуейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1994 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м кьыщта унафэм ипкъ иткІэ ягъэлъапІэ.

♦Исландие Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - ар кьыщызэрагъэпэща махуэщ (1944).

♦Къэрал щыІэ экономикэ зэпыщІэныгъэхэм я ІэнатІэм и ІэщІагъэлІэхэр ягъэхьэзырын мурадкІэ илъэс 80 и пэкІэ (1931) Къэрал щІыб сатумкІэ институт кьыззрагъэпэщащ. 1958 гъэм МГИМО-м хагъэхьащ.

♦ Илъэси 155-рэ и пэкІэ кьалъхуащ урыс сурэтыщІ-баталист, тхьдэм лъэужь ин кьыхэзына, сурэтышхуэхэр («Севастополь зэрахьумар», «Бородино зауэр», «Ахульго кьуажэм йобгъэрыкІуэ») зи Іэдакъэщ Іэкі Рубо Ф. А.

♦ИлъэсИ 5 и пэкІэ лІащ Кьалмыкым и щІыхьэ усакІуэ, Социалист Лъэныгъэм и ЛІыхьужь, СССР-ми РСФСР-ми я Къэрал саугьэтхэм я лауреат **Кугультинов Давид.**

♦1565 гъэм **Идар Темрыкъуэ и кІуэ Мамсырыкъуэ** Москва иІэщ.

♦1961 гъэм Налшык экранымбгъуэ зиІэ «Восток» кинотеатрыр кьыщызэІуахащ.

ПІалъэмэр зыгъэхьэзырыр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Езым и лъэІукІэ

УФ-м и Президент Медведев Дмитрий Іэ тридзащ Тверь областым и губернатор Зеленин Дмитрий и пІалъэр кьэмысу и кьулыкъым тегъэкІыным теухуа унафэм.

ЗэрыжаІэмкІэ, езы Зеленин Дмитрий и лъэІур хуигъэзэщІауэ аращ президентым.

Зэхуэгуапэу, зэгурыІуэу

УФ-м и Президент Медведев Дмитрийрэ КНР-м и унафэщІ Цзиньтао Хурэ Кремлым щызэпсэльащ.

Абыхэм кьаІэтащ кьэралитІым я зыужьныныгъэм зегъэужьыным егъэщІылІа Іуэхуэхэм. Лъэныкъуэхэр Іуэху куэдкІэ зэгурыІуащ. Апхуэдэу Іэтащхьэхэр тепсэлъыхьащ экономикэ, политикэ, дунейпсо Іуэхуэхэм.

Медведев Дмитрий кьыхигъэщхьэхукІащ Урысейм рэ КНР-мрэ я зэхуэцытыкІэхэм ІэнатІэ куэд кьызэрызэщІаубыдэр. «Дэ дызэгъэнэгъуэ икІи ди зэхуэдэ сэбэн зыхьэлъ Іуэхуэхэр гъунэжщ. Иджыблагъэ дэ дыщызэхуэзащ «Шанхай гупым» хэтхэм ирагъэкІуэкІа зэІуэщІэм. Иджы мурад тщІащ абы щызэдухылІахэр нэхъ куу тщІыну», - жиІащ УФ-м и Іэтащхьэм.

Псори егъэпІейтей

Къэрал Думэм мыгувэу кьыщащтэну кьыщІэкІынущ школакІуэхэр фадэмрэ наркотикхэмрэ демыгъэхьэхьыныкІэ лъжьыщхьэхэр зыубзыху хабзэр.

Иужь зэманым я жагъуэ хьууэ куэдым кьыхагъэщхьэхукІ ныбжьыщІэхэр

♦ЩІыр игъущыкІыныбэрэ уэгъумрэ япэнІэтыным и дуейпсо махуэщ. ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм 1994 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м кьыщта унафэм ипкъ иткІэ ягъэлъапІэ.

♦Исландие Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъуэщ - ар кьыщызэрагъэпэща махуэщ (1944).

♦Къэрал щыІэ экономикэ зэпыщІэныгъэхэм я ІэнатІэм и ІэщІагъэлІэхэр ягъэхьэзырын мурадкІэ илъэс 80 и пэкІэ (1931) Къэрал щІыб сатумкІэ институт кьыззрагъэпэщащ. 1958 гъэм МГИМО-м хагъэхьащ.

♦ Илъэси 155-рэ и пэкІэ кьалъхуащ урыс сурэтыщІ-баталист, тхьдэм лъэужь ин кьыхэзына, сурэтышхуэхэр («Севастополь зэрахьумар», «Бородино зауэр», «Ахульго кьуажэм йобгъэрыкІуэ») зи Іэдакъэщ Іэкі Рубо Ф. А.

♦Илъэси 5 и пэкІэ лІащ Кьалмыкым и щІыхьэ усакІуэ, Социалист Лъэныгъэм и ЛІыхьужь, СССР-ми РСФСР-ми я Къэрал саугьэтхэм я лауреат **Кугультинов Давид.**

♦1565 гъэм **Идар Темрыкъуэ и кІуэ Мамсырыкъуэ** Москва иІэщ.

♦1961 гъэм Налшык экранымбгъуэ зиІэ «Восток» кинотеатрыр кьыщызэІуахащ.

ПІалъэмэр зыгъэхьэзырыр **ШАЛ Мухьэмэдщ.**

Санкт-Петербург щокІуэкІ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Правительствэм и унафэщІ КІумпІыл Мурат хэтыныщ Кавказ Ищхьэрэм турист кластер кьыщыгъэгъэпэщыным, а ІэнатІэм зыщегъэужьыным теухуауэ дыгъуасэ Санкт-Петербург кьыщызэІуаха форумым.***

КІУМПІЫЛЫМ зэрыжиІамкІэ, «Лаго-Наки» бгы-дыжэ спорт ухуэныгъэшхэм и проектыр пхыгъэкІыныр я сэбэп зыхэлъщ. Ар ящыщщ Урысей Ищэм, кьыхэдгъэщынщи Адыгейм, кьыщызэрагъэпэщыну я мурад туристкластерым хыхьэ курорти 5-м. ХьэщІэщхэр, шхапІэхэр, нэгузегъэужьыпІэ, спорт, нэгъуэщІ Іуэхущ Іапі эхэри зыхэтхэр а зыгъэпсэхупІэр цІыху 5500-м ятещІыхьауэ щытынущ.

СурэтыщІ Ардзинбэ Беслъэн и гъэлъэгъуэныгъэ

АБХЪАЗ. ***Сыхъуи и Гъэлъэгъуапі э нэхъыщхьэм кьыщызэІуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэралуниверситетым дизайнымкІэ и колледжыр къэзыуха сурэтыщІ щІалэщІэ Ардзинбэ Беслъэн и гъэлъэгъуэныгъэ.***

ПЭШИТЫМ щагъэлъагъуэ живопись, графикэ лэжьыгъэу 60. Беслъэн и Іэдакъэщ Іэкі Іхэр нэхъыбэу зытеухуар цІыхурщ, абы псэкІэ зыхищІэрщ, и дунейщ.

Выставкэр сыщызэІуахым кьрихьэлІа сурэтыщІ Цвижбэ Илья кьыхигъэщащ Ардзинбэ и Іэдакъэщ Іэкі Іхэр удэзыхьэхыу, гъэщІэгъуэну зэрыщытыр.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІапІэм и къулыкъухэм я Реестрым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщІащ

2011 гъэм накъыгъэм и 26-м

1 статья. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІапІэм и къулыкъухэм я Реестрым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъущІапІэм и къулыкъухэм я Реестрым и Іуэхукі э» 2007 гъэм гъатхэпэм и 24-м кьыдэкІа Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №20-РЗ-мкІэ къыщтам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІныгъэхэр хэлъхьэн:

1. НапэкІуэцІым и лъабжьэм дэкІуэу щІэгъэувжьын мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу: «*** Къулыкъур щагъэуващ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым зэзыгъэкІуж судыщІэхэм я лэжьыгъэр кьызэрэпэщынымкІэ полномочиехэр зиІэ и гъэзэщІакІуэ органым.».

2. Пункт 1-м и раздел 5-м ит мыпхуэдэ сатырым: «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ органым и къудамэм и унафэщІым и къуэдзэ 05-1-3-006»

дыщІыгъуэкІи мы къыкІэлъыкІуэ сатырыр: «Судым и администратор*** 05-1-3-006.1»

2 статья. Мы Законым къару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2011 гъэм мэкъуауэгъуэм и 8-м
№56-РЗ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленнэ комплексым (машинэ щІыпмрэ металлым елъжьыпмрэ, металлургие щІуугъэнэм, медицинэ промышленностым, промышленность псынщІэм, пхъэм елъжь промышленностым) 2025 гъэм нэсыху зэрызнужьыным и Стратегием и Іуэхукі э

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2011 гъэм накъыгъэм и 18-м №130-ІІІ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленнэ комплексым зегъэужьын мурадкІэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленнэ комплексым (машинэ щІыпмрэ металлым елъжьыпмрэ, металлургие щІуугъэнэм, медицинэ промышленностым, промышленность псынщІэм, пхъэм елъжь промышленностым) 2025 гъэм нэсыху зэрызнужьыным и Стратегием мы унафэм щыгъуэр къэщтэн.

2. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Уянаев К.Хь.-М.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ГЕРТЕР Иван

Къуршхэм гурыщІэр къаІэт

Мазэ нэсауэ ди щІыхуэхэр топсэлъыхь, пролушхуэ Мэз Каринэ, абы хуэфІэкІам. Эверест дэкІыным Каринэ зэрызихунгъэхьэзырам, къурш нэхъ лъагэ дыдэм и щыгум зэрытетам кърита гурыщІэхэм, ар къехъулІэным пыщІауэ щыта гугъуехьхэм - шэч хэмылъу, куэд мэхъу ди щІэджыкІакІуэхэм абы теухуауэ кьащІну зыхуейхэр. Абыхэм яфІэгъащІэгъуэну зыщІэупщІэнуэр кьыльытуэрэ, «Адыгэ псалъэм» и корреспондент Жэмыхъуэ Марьян зэхуигъэзащ сыз Мэз Каринэ, абы и анзэхуэми, и адэ-анэми.

Жэмыхъуэ Марьян КъБКъУ-р кьиухащ, егъэджакІуэу, «Псынэ» журналым и корреспондент лъжьащ. Ди гугъэщ Мэз Каринэ и кьурш зекІуэм теухуа и тхыгъэхэр 2-3-нэ напэкІуэцІхэм тетхэр щІэджыкІакІуэхэм гунэс зыщІэупщІэнуэр кьыльытуэрэ, «Адыгэ

ЯПЭУ гъуэгу техьахэм ящыщщ Бахьсэн куейм и Іэщыхьуэхэр. Кьапщтэмэ, мы зэманым ирихьэлІэу районым и хозяйствэ зэмылІэужьыгъуэхэм Іэщышхуэу мин 35-м нэс яІэщ. Абыхэм ящыщу мин 15-р жэм кьащщ. Апхуэдэу, бгыпІэ зыщІэпІэхэм щыІэ хьун бэгъуаи хаутІыпщхьащ мэл лъэпкъыфІу мин 28-м нэс, шыуэ мини 2-м нэблагъэ.

Бахьсэн куейм и мэкъумэш Іуэхущ Іапі эхэм я Іэщыр гъэмахуэ хъуп Іэхэм я щІыпІэ 13-м щыІэнущ. Абыхэм дэт псэуалъэхэр, жэмэщхэр, чэтхэр пасэу зыхуей хуагъэзащ. Жэм кьашхэр гъэшым щеложь фермэхэм пэгъунэгъуэ зэрыщІыгъынум Іэщыхьуэхэми жэмышхэми я лэжьыгъэр лъэныкъуэ куэдкІэ кьащигъэпсынщІэнущ. СХПК-хэмрэ фермер ІэнатІэхэмрэ кьащхьэщыкІыу уней хозяйствэхэм я Іэщыр жылагъуэхэм кьайгъэщІыпІа губгъуэхэм бжьыхьэм нэсыху щагъэхъунущ.

Бахьсэным и Іэщыхьуэхэм я мурадщ мы гъэм щэуэ тонн 1150-рэ кьыщІашыну. КьыхэгъэщІпхъэщ иужьрей илъэс зыбжанэм кьриубыдэу мы районым и мэкъумэш ІэнатІэхэм жэм лъэпкъыфІ куэд зэрызрагъэпэщащ.

ЖАНХЪУЭТ Зуэ.

● Бахъсэн куей

ХъупІэхэм макІуэ

Ди республикэм и мэкъумэш Іуэхущ Іапі эхэм я Іэщыр Аурсэнтх Хьэмащэ гъэмахуэ хъупІэхэм мэкъуауэгъуэм и 15-м щыщІэдзауэ даш.

Гъащ Іэм и мыхьэнэр къызэрапщыр и кІыхьагъыркъым, атІэ и кууагъырщ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2011 гъэм и етІуанэ илъэс ныкъуэм къыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедэныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэнІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іапі э псоми.

Ди индексыр 51531

● Прохладнэ къалэ

БжыфІэ щІохъукІ

Про хладнэ къалэм щызжаІъхьэжащ жылагъуэхэр зэІуэпэщ щІыным, щхьэантІагъэхэр гъэтІысыным теухуа мазитІ лэжьыгъэм кьриІуар.

А ІУЭХУМ хэтащ псэупІэ-коммунальнэ ІэнатІэр, муниципальнэ щІыналъэм и администрацэр, предприятэхэр, еджапІэхэр, щхьэхуэ щІэныгъэ щрагъэгъуэт Іуэхущ Іапі эхэр. ЗэІуэпэщ лжьыгъэхэмкІэ Іэщ Іагъэлі эхэм уэрамхэр, пхъэнкІий зэкуэхьэсыпІэхэр, идзыпІэхэр ягъэкъэбзащ, жыгхэмрэ чыцэхэмрэ хасащ, удзыпщІэ хэр зыхуей хуагъэзащ. Нобэ ирихьэлІэу кьалэм и щІыналъэм жыгыщІэ зэмылІэужьыгъуэу 375-рэ щагъэтІысащ, жыг 70-м щигъу тепІъафІэу щауэхьэхуащІащ, игъукІащ апхуэдэнэ щрахащ, удз дахэу мини 124-рэ щыхасащ, метр зэбгъуэнатІэ мин 400-м удзыр щыпаупщІащ, жыг мини 7,2-м щигъум сэху щратащ, пхъэнкІий идзыпІэ Іэрыщу 2 щагъэсеящ. ЩЫпІэ администрацэм, муниципальнэ предприятэхэм, гъущ гъуэгум и минеральнэ къудамэм хыхьэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэм кьалэм и кьыдыхьэпІэхэр зыхуей хуагъэзащ: гъуэгубгъухэм деКІуэкІ мэз кусэхэм ухьуэнщІахуэхэр щрахІута куэнщыбыр Іуащащ.

МазитІ лэжьыгъэр нухами, кьалэр зэІуэпэщ щІыныр зэпагъэуакъым.

Кьалэ администрацэм и Іэтащхьэ Парк оменкэ Юлие зэрІэгъэкІа хьуаэр кьыщипщытэм щІыпІэм щыІэ Іуэхущ Іапі эхэм я унафэщІхэм гуІыгъэщащ «Лесной эрамымкІэ кьалэм и кьыдыхьэпІэм деж щыт стеллэм, Хунтыныгъэмрэ Боровиловымрэ я щІэкІэ щыІэ уэрамхэм я зэхэкІыпІэм тет светофорым, «Локомотив гуэл»-кІэ зэджэу щытам и Іэшэгъащэм, Новопокровскэ къутырым хуэкІуэ гъуэгум телъ лъэмыжым къыбгъурыІэ щІыпІэм я щытыкІэм. ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ Іуэхущ Іапі эм и унафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэ Подрезов Павел зэрыжиІамкІэ, стеллэр зыгъэнэху уэздыгъэ хэр фІадзэжащ, абы декІуэкІыу мывэ гъэжахэр ягъэтІылащ, фэепІым лэчыжьыр кьыкІэрыпхьынІыр и кІэм нагъэсащ. ЩІэрыщІэу ялэжа нэужь, абы и хуэрягъыр щхьэантІагъэкІэ ягъэдэхэнущ.

ЩІыпІэ администрацэм и Іэжьакъуэхэм, спорт школым и гъэсакІуэ-егъэджакІуэхэм, «Кьалэ кьабзэ» МУП-м я кьарукІэ «Локомотив гуэл»-кІэ зэджэу щыта щІыпІэр ягъэкъэбзащ. ПхъэнкІийрэ кІэрыхьэбжьэрыхуу машини 150-м щІигъум из Іуратъэщащ. Арами, зэрыхуэдэщым пщІэ щІамытым щхьэкІэ, щхьэзыфІэфІхэм я кІэрыхубжьэрыхуэхэр, зыхуэмеижь псэуалъэпхъэхэр, ухъуэнщІахуэхэр абдеж щракІут. Мы зэманым хопІъэ а щІыпІэр пІапсэ зыуухэнухэм яхуэгъэщІынымкІэ щыІэ хэкІыпІэхэм.

Муниципалитетым и Іэтащхьэм и унафэкІэ «АТК», «Кьалэ кьабзэ» ОАО-хэм я лэжьакІуэ хэм Новопокровскэ къутырым хуэкІуэ гъуэгум телъ лъэмыжьым и Іэшэлъащэр ягъэкъэбзащ, удзыр щыпаупщІащ.

Апхуэдэу Парк оменкэ Юлие щыІащ зэрагъэпэщыжь 21-нэ, 22-нэ сабий гъэсапІэхэм . Ахэр хьэзыр хьумэ, кьызэІуахыну гупщІэхэм щыкІу 55-рэ я бгъащэнущ. 22-нэ сабий гъэсапІэм и котельнэр зэрызрагъэпэщыжымрэ и щхьэр зэрагъэбыдэмрэ хэхэуэ кІэлъопль.

ЩІалэгъуэм администрацэм кьыхилъха «Кьалэ кьэуыпІэпІэ» Іуэхугъуэм и гуащІэгъуэщ. Транспорт кьэуыпІэпІэм т ет тепІыхьэпІэр зэрызэрагъэзэхуэ жым, зэралэм, гъущгубгъуэхэм Іут мывэ гъэжахэр сэхукІэ зэрагъэдахэм я фІыгъэкІэ, кьалэм и тепІъэм нэрыпъагъуэ зехъуэж.

ПАНФИЛЕНКЭ Людмилэ.

Ди индексыр 51531

Дунейм и щыгум Адыгэ ныпыр щохуарзэ -

«Сыт Эверест уджІеуину уащІыхуейр?» - жаІэри Мэллори Джордж щІыхуэзр еупщІат. «Ар абдеж щытщи», - итат жэуап альпинистым. Бзыр щІыхум къыздеджэр изгъэущІу къытхуІуэтэнукъым. Мэллори къыгъэзэжакъым, ауэ абы и псалъэхэр ІуІуаэ яхуэхъуащ дунейм и Іыгапэм нэсыну зи мурад псоми. 2011 гъэм накъыгъэм и 21-м щегъэжьауэ дэри Эверест и Іэфімрэ и дыдэкъмрэ зыхуэдэр кІыджезыІэн диІэщ. Ди гуапэу щІэдзыкІакІуэхэм я пащхьэ къыдоиІэ мы махуэхэм ди изгъэм щІэмыкІ, ауэ нэхъ гъунэсыну эдэсщІыхуну ди гуапэ МЭЗ Карин э.

Кьалэныщхуэхэр зыхуэзгъэувыжьныр си хьэлщ

- Карин э, ди гуапэу «Адыгэ псалъэм» и хьэщІэщым укъыдогъэблагъэ. Ди дежкІэ щІэныгъэ ущ уи яп интервью уБгъуар дэ къыздэпщІыр. Уэ зышІоу уи унэ укъыдзрекІуэлІэжамкІи укъыщалъхуа махуэмкІи дыдохъухьу... Ди лъэкъым нэхъ льагэ дыдгу уищІэуэ сыкъэлтыр дунейм укъыщытехьа махуэм зэрытехуар псоми яфІэгъэщІэгъэнщ.

- Си пщІыхьэпІи къыхэмыхуэу, апхуэдизкІэ фІы куэд си дэкІуеиныгъэм щыгъэтехащи, сэ езым сымыгъэщІэгъэн слъэкІырыдам. Ди къэралым щыщ альпинистхэр Джомолунгмэ япэу щыдгъэкІуэрэ 1982 гъэращ. Ар сэ сыкъыщалъхуа илъэсыщ. Абы нэщанэ угъурлы хэсщІагъэуэрт, Іуэхур кьыгъэхъуІэну сыщигъэгъуащ. ИтІанэ Килиманджаро дэжІа ди льэпкъэгъу Жэман Ахьмэд и кІуэ Алим Непал къэралым Урысей консулу щыІэу къыщІэкІащ. Льэпощхьэпо гуэр къыкъуэкІмэ кІызыдэІэпыкъуфын апхуэдэ щІыбагъ быдэ сызэриІэм гупсэхугъуэу кьызитырт. Алим къэралым дыщыхьэм щІыпкъэжьрэ сызыкуэныкъуэ псори кьысхуищІащ, нужьыкІ кьысльэІэс зэпыту щытащ. Тибетым сынэса ноужь, мазитКІэ зыдтэхьэзырын зэрыхуэкіэ сщІэрти, тхьилъ куэду кьэсщтащ. Іэджэрэ щыбагъ быдэ джІыну зыщІэхьэзыІэрхэр дунейр зэрымыуэфІым кьыжьІыну, гъуэгур зэІуэхынм пэщІэмі щыхьуей. Апхуэдэм деж уи гур кІуэду укъикІуэтыжынкІи хьунущ. Арат тхьилъэр щІыздэсхьар, ауэ апхуэдизкІэ гугъут зэрязыдгъэхьэзыра щІыкІэри, еджапІи кьысхуихуакъым.

- Дауэ унгу кьэкІа ар, хэт утригъэущхуа щыхухьу куэдым зыграмышыІ къурш щІэрыІуэм уджІыным?

- Джомолунгмэ дэкІыну щІэмыхьэупс альпинист щыІэкъым. Темыгушхуэ щыІщ, ауэ дуней псом нэхъ льагэ дыдэу йт бгым зэгуэр дэкІыфынырэ дэтхэнэ зы альпинистми зыхуиІгъэувыж хьэупсапІэ льагэхэм ящыщщ. Сэ кьалэныщхуэхэр зыхуэзгъэувыжьныр си хьэщ. ГъащІэр Іуэху цІыкІукІэ бгъэкІуэд хьунукъым. Утегушхуэнумэ, уэзытегушхуэнур нэхъыфІ, нэхъ льагэ, куэдым яхуэзэфІэмыкІ гуэрхэрщ. Си гъащІэр бгъэкъэ зэрепхам ар езырезыру кьуІуа хуэдиу щытти, ауэ и иджкыри кьэс къыщІэзэмыхьуІар сыхуэмеяуэ аракъым. Мы гъэм ар зэрысхуэзфІэкІынур нэщнэ куэдым кьызагъащІэрт. Іуэхур щыхьупхи и деж, езыр-езыру хьууэ кьыпфІощІ. ГъащІэм имыІэу пщІэн хуей гуэрхэр ущымытугъуэу тыншу щытэфІэкІыІэ, абы кьыкІыр бгыр кьоджэу араши, ар насыпт тГуащІэщ. Джомолунгмэ сыдэкІыну зэрызимурадыр сэ зэи сыбзыщІыртэкъым, ауэ Іэмал хуэзмыгъэгъкІат. Си гъащІэр бгыхэм зэрепхам ар езырезыру кьуІуа хуэдиу щытти, ауэ и иджкыри кьэс къыщІэзэмыхьуІар сыхуэмеяуэ аракъым. Мы гъэм ар зэрысхуэзфІэкІынур нэщнэ куэдым кьызагъащІэрт. Іуэхур щыхьупхи и деж, езыр-езыру хьууэ кьыпфІощІ. Іуэхуэ

ар Джомолунгмэ дихащ Мэз Каринэ

● ДифI догъэлъапIэ

ЛъагапIэм кислородым лъыр нэгъэщI зыгуэру егъэлажьэри акъылыр нэхъ щхьэхыпэ мэхъу, арауэ къыщIэжIынщ абы и щхьэусыгъэр. Мэтр 30-м нэс задабзэу щыт бгым кIапсэр къоплэлэх. «ФызэбгрыкI!» жыбоIэри уокIий, ауэ зыри гъэзэум текIынукъым. БзаджэгъэкIэ узыхуекIуэ Iэмалым елытагъ укъелынрэ укъемылынрэ. Метриц-метрищуэр фIэдзащ кIапсэхэр бгым, ауэ «кошкахэр» пщыгъэ гугъу. Iейц абыхэм уарикIуэныр. Цыхуипщ зэуэ дэпщеин щIадзэри, ар Iуплъэгъуейщ. Зыщ1ыпIэ деж кIапсэр щыIэныкъо, хьадэ щэщIыр занщIэу елъэлъэхынущ. Сэ си щхьэм сытым деж и пльг: зыгуэркIэ кIапсэм эпытхъын щIидзэмэ, сыдэкIуеящ. Iуащхьэмахуэ и метр минитхуэрэ нихъуэм уикIыу занщIэу минийм фIыуэ щIигъу Эверестым упкIэ хьунутэкъыми, абы и эхуаку дзэ гуэр сыхуейт. Утегушхуэ хъунущ, ауэ ар къызыфIэщIыжыныем хызогъэхъэ сэ. Тэмэму зэмыгъэхъзыраруэ, схуэфIэжIынущ жыпIэу уэзэпащэ хъунухьмкIи. Iуэхур зыIутыр къыбгурыIуэу щытын хуейщ. Хъунщ, зы мин хэбгъэхъэнщ зэмыгъэхъэзыру, ауэ уэхэт уэ занщIэу, уэзэрыуей кIудейм щхьэкIэ, апхуэдэ лъагагъым укъинщтэну? Араш Тянь-Шань сыщIыдэкIуеящ.

Ешы Эверест уIуплъэну тынщкъым. Апхуэдизкъ лъагэщ, апхуэдизкIэ задэщи, хуэм-хуэмурэ щынэр къыпIкърохьэ. Абрамов Александр къыджиэрт: «Фемыпль, фи гур фффэ- кIуэдынщ». Сэ щынэр зыхэсщIауэ схужыIэнукъым. Iуэхум зэрыпщIидзэрэ моуэ ешы бгым сриIоблагъэу кхьефIыщIыр. Иджыпсту жысIэм схуээту цIыхуэхэм кхьефIигъэщIынкIи хъунщ, ауэ сежьэн ипэкIэ Iуащхьмахуэ сельэIуащ. Абыр сэрэ дякум БфIагъ гуэр дэпщ, си унэжьым хуэдэу собж Iуащхьмахуэ. Арати, сельэIуат: «Уэри убыщ, ари бгыщ. КхьыIэ, сыдэкIуеинущ хуит сыкъыщIыну схуэелъIу».

- Эверестрэ Iуащхьмахуэрэ сыт зэрыгэщхьэщыкIыр?

- СыткIи. Iуащхьмахуэ си унэщи, си псэм пэгъунэгъущ. Эверест непалыбзэкIэ и цIэщ «Сагарматха», абы «Тхьэхэ я анэ» жиIэу аращ кIыкIыр. Абы щхьэкIэ а бгыр сытым деж цIыхубзу сыбжыкIыр. Сэри сызэрыцIыхубзым щхьэкIэ дызэпэгъунэгъуу, фIыуэ къыхущIу къысфIэщIырт. Щынэ зыхэзмыщIа щхьэкIэ, а бгыр зэрыщынагъуэр и хьэлкIэ сщIэрт. Дахэу зыкъунгъэтъагъуу удрищеIуэ, Iейуэ зыкъызэридзэкIжынкIи хъунут.

- Iэнынгъэм егупсыса бгым утетыхъу?

- Сэ лIэнигъэм сыщыщынэу щыткъым. Сигу къокI сыхэ-кIуэдэжкIи зэрыхъунут, ауэ ар, япэрауэ, сэ сэлъытакъыми, егупсысын хуэмейуэ къысфIощI. ЕтIуанэрауэ, зыгуэркIи си лъэгъуэ къэхъыгъэмэ, зы-хуэзгъэхъэзырыну сыхуэнсыну сыщогугъ.

- Кудрэ Тхьэм унгъэнсу!

«ХьэгъуэлIыгъуэ фиIэу ара?»

- Ущежьэм тхыль гуи кIыз-дощтауэ жыIат. Хэт уэздэжну нэхъ къащтэр?

- Сэ нэмыщ тхакIуэхращ нэхъыбэу сызэдэжэр: Цвейг, Гессе. Ауэ Эверест здэсхьар Булгаков и тхыль сызэмыджа гуэрт.

- Уэ университетым экономикэмкIэ и къудамэр диплом пIыжьыкIэ къэбухащ. Диплом пIыжьк къэнхьыш щхьэкIэ, фIыуэ уеджэн хуейт. Дауэ а псом уельэнаугъу бгым ущыIэжьэн зэрыщIэбгъэр?

- ЕгъэлеяуэсфIэфу щытащ экономикэмэ бухучетымэр. Зыкъомрэ банк гуэрхэми сыщылажьэу, бгыми сыкIуэу IуэхуитIри здэсхьыну сыхэтащ, ауэ езыгъэшIу кIэрыпхъэлъажащ. А Iэщ1агъэр зезыхьэхэр зыкIи згъэпудыкым, ауэ зэуэ си щхьэкIэ гъэшIагъэр зекIуэ: «Мы тхьапыкIэ къомым сыхэсу си гъащIэ закъуэр згъэкIуэну ара? Сэ зыри щIэуэ дунейм кьытемыгъэхъэу, адрейхэм ящIар къэспщытэ зэпыту дауэ сызэрыпсэунур?!» Уэ езым зыгуэр къзбгъэхъун хуейщ! ГъащIэр зы закъуэщ зэрыхъур!

- Уи псом фIэмыфI лъэкIыгъэ пхумыгъэзащIэу ара къыпIэкIыщи, Iугъу ущIехьым и мыхьэнэр къыбгурыIуэмэ, Iэнатьлъэшкри и щIэ пхуигъэувжынущ, ауэ гур сыт щыгъуи къабзэу щыгъэмэ нэхъ къыбощтэ.

- Ар пэжщ. Сэ сымыгъэщIэгъуэн сельэкIырхьым Тибет щыгIлъэгъуа щIыхуэхэм я къабзагъыр. Абыхэм я псэукIэм уеплъмэ, сыт мыхэр зыхэпсэукIыр, дэнэ я щхыныкIэ я щыгъынымрэ я кьыздикIыр жыбоIэри уогъэщIагъэ. Абыхэм зыри яIэжьым, яIэнуи хуейкъым. Китайхэм ялъэкI къаГанэкIыкъым Тибет щыпсэуухэр щIыху къызэрыгуэкI ящIу, дуней ем драгъэхьэхын щхьэкIэ, ауэ ар абыхэм зэи яхуэзфIэкIынукъым. Тибет хэкурыхэм я фIэщхьыныгъэр апхуэдизкIэ куущи, кьапэлъэщын къару зэрыщIмыIэр Iупщ1у уолъагъу. Эверестыр абыхэм бгы гъыпIэу ябж. Щерт-хэр бгым щыдэкIкIэ, Тхьэм зэрельэIуэхэр тету Iэлъэщ1-пщ1дэлъхэр бгыщхьэм дрыраГъэхьей. Дыкъэсыжа ноужь, зы нанэ гуэрым и щыгъэр и пщэм кьрихри сысейм кьрильхьати, псоми яГъэщIагъуай. Апхуэдэ щIэ Тибет хэкурыкъэм зыхуаIщIыр закъуэГакъуэхэщ, уигу хэгъахъуэ кьызжаIащ.

- Ерыскьыкl? дауэ фIыхъурт?

- ФIы дыдэу дагъашхэрт, зэи дымэжэлIакъым. Сэ нэхъыбэу сшхар джэдыщ, ар сыт хуэдэуи япщэфIырт икIи ІофI дыдэт. Кхьуэ щыIащ, ауэ сэ ар сшхырт-хъыми, джэдым кхьхэщIыкIа шхыныгъэ псори зэзгъэцIыхуащ.

- Адыгэ кьафэ къьафу дзэ зыщебгъэхар?

- ЗыщIыпIи, ауэ сыкъафэу аращ.

- Адыгэ фашэ нэхьапэм щыщ гъа?

Сыкъыщыкъыхуэм кьызата фашэр япэ дыдэу щысТIэгъауэ аращ.

- ПфIэфIт пщыгъыну?

- Егъэлеяуэ! Ар сщыгъыу унэм сашэжати, си гъунэгъу щIалэ щыкIур «ХьэгъуэлIыгъуэ фиIэу ара?» жиIэу, кIийуэ кьытпежащ. ФIыщIыхуэ яхуэощI ар Кьэбэрдей Адыгэ Хасэм кьыбгъэдэкIыу тыгъэ кьысхуэзыщIа Хьэфыщ1э Мухьэмэдрэ а фашэр зи Iэдакъэщ1экI дрбзэр щIэрыIуэ Хьэщ1ыкIу Мадинэрэ. Мы махуэхэм си хэкуэгъухэм сызэрагъэгушхуар зэи сщыгъупщэнукъым.

- Каринэ, дэри фIыщIэ пхуIоощI Iэмал кьыздбгъахуэу ди хьэщIэщым укъыщзреблэгъакъ-кIэ, Насыпым я нэхь дахэр Тхьэм кьыббгъэдилъхьэ!

Адэм ещхьщ пхъу нэхъыжьыр

ПХЪУ нэхъыжьхэр адэм ещхь мэхъуж, жаIэ игъащIэми. Псальэм папщIэ, инджылыз премьер-министр щIэрыIуэ Маргарэт Тэтчер кьызыкъуиха къэралыгъуэ гупсысэкIэр щIэныгъэлIэжм зыхуахьыр ар хьыджэбэ нэхъыжьу, кьуэ зимыIэ адэм «кьуэ» зэрыхуэхъуар араУэ ябж.

Каринн нэхъ зызригъэщхьыр и адэрщ. Пэж дыдэу, Мэз Юрэ уху зимызэу абы и пхъум апхуэдизэ шыIэныгъэ кьызыдрихар кьыбгурыIу энукъым. Гупыт з зэмысамрэ кьыбгъурыс и анэм хуищ пщIэмрэ я мызакъуэу, зи гъащIэм и Iыхьэфl бгым щезыхьэкIа альпинист Iэкlуэльакlуэм утыкур и жагъуэу кьыщIэжащ. «УI бын щIымыгъэ, псальэкIым тещ Мэз Юрэ. Ауэ абы и анэ Кьэрэжан бысым гумащIэщ икIи псэльэгъу щIэщыгъэщ.

- Псоми Тхьэр арэзы къахухьу. Хьыджэбэ щIыкIури унагъуэри дагъэльэпIащ, жеIэ абы.

- Дэ ди лъэпкъыр кьызыдэкIар Джэрэмэшык нъуажэраш. Сэ езыр Аршыдан сыщыщщ, Джэдгъэфхэ срапхьущ. Мы ди щIалэр узынщэщхуэу щытащ, ауэ зэгуэрым мотоцикл зэгуэтым ису машинэ кьыжьхэхэуэри щIыкъатыщхэ игъэтащ. Иужьыдэ кьэсшэнущ щыжиIэм, ар щхьэ мыадыгэрэ жытIэу пэдубыдакъым. Ди нысэр хамэ лъэпкъми, ди щIыналъэращ къыщыхьуар, езыри щIыху хьарзынэщ. Юрэ нэмыщI иджыри зы щIалэ сиIащ, ар хамэ щIыпIэ щхуIащэу къыхсхуэзэжащ. Си щхьэгъусэри абы кIэлъыкIуэжащ. Сэ Алыхьыр си фIэщ мэхъу, нэмэзи сощI, КъурIэни сфдж э. Каринн зы зэман си гущэу аэзр зригъащIу щытащ. Иджы къыщыкIуэжхэм дежь жеIэ: «Нанэ, кьурушщхьэм сыщытеувэм и деж «КъуЛъхуолэри» сыбгъэщIа адрей сурэхэм ящыщу сщIэжхэри кьызобж». Сэри ар гъэзгу теувэху нэмэзлыкьым сытехьэу сыкъыстекIыжжкъым «Ялыхь, къэхъуми узынщэу и унэ кьещэлIэж» жызмыIаУэ. Сэ езыр ди университетыр къзэухащ, химиемрэ биологиемрэ згъэрадж кьудамэр. Си ныкIэ Каринэ ейр изогъапщэри, зэщхькъым: сэ гъэм и кIыхьаГкIэ семыджжэм, экзаменхэр сху эмытынкIэ сышынэрт. Каринэ пщэдей жэдам итынуIамэ, нобэ етIысхьIэу арат. «Тху» фIэкIаи кьиныхуэтэкъым, апхуэдизкIэ гурыхуэщи.

Нанэ лъагуГъуафIэм гупсэхуэу дыхигъэпIащ Каринэ щыщIыкIуам траха сурэтхэм. Дэтэмэнэ зыми къыщ зыкIэ щIыкIуэ щыкIур зэм и анэм ныгъэшу псым йос, зэм адэм и Iэпл1эм исщ, зэм и гъуми я зэхуакум дэсу сурэт тезыхьым кьыхуогуфIэ.

- Ди хьыджэбэзитIри Iейкъым, Алыхьым и щыхурей, хабзи нэмыси яхэлIщ, ямылейуи защIкъым.

Къэрэжанрэ Юрэрэ я хьыбархэм уемызэщу жэщи махуи уедэIуэфынущ. А тIум дахуэзэ нэужькъ кьыщытлъэгъуар Каринэ и бгы дэкIыным зэрыкIэлъхьэуэ Iуэху зэрыхэзмытыр. ЦIыхум и гум щигъафIэ гупсысэхэмкIэщ и лъэми здиунэтIыр. Мэзхэ я хьыджэбэ нэхъыжьыр ди щIынальэм мамыру щIэзэдэпсэу лъэпкъхэм яку дэлъ зэгурыIуэмэ хуабагъэмрэ я пщэдей Iупщ щIыхуар дэтхэмэ зыми а фIыгъуэр хъумэн зэрыхуеиР кьыгурыIуэн щхьэкIэщ. Эверест удэмыкIыфми, уи дуней Iыхьэм щабагъымрэ гуапагъымрэ щытебгъэкIуэныр махуэ кьэс зепхьэфын лIыхъужьыгъэу уи Iэмыщ1э ильщ.

ЛЕОНТЬЕВЭ Нинэ:

«Дауэ сызэрымыгузэвэнур, сыщыанэкIэ?!»

КАРИНЭ и анэ Нинэ и пхъурыпхъум кIэлъыплъу сабий джэгупIэм кьыщыдгъэтащ. ИпхъэтIрэ ныкъуэ фIэкIа мыхъу щIалэ щхьэщ баринэр Iуащхьэ цIыкIум хьэплъакъуплIу дэпщеIрти, и щхьэм зэрыпсэну анэщхуэм кьеджэрт, зыщитгъэтхъун щхьэкIэ. «Мис, мыбыи япэ пъэбакъуэхэр еч и анэ зыщтхъум и лъэужьыр ихуну», - игу зэрыхэхъуэр нбзыщIыр-кIым щIыхуб нэфIэгъуфIэм.

Зэ IуплъэгъуэкIэ ипхъу щIэрыIуэм зыкIи емыщхь Нинэ Каринэ хуэзэфIэкIар зыкIи фIэмыгъэщIэгъуэну кьыпIоIщI. Абы ипхъу пажэр Эверест зэрыдэкIыфам хьэлэмэт зыри хэлъкъым, хьыджэбзыр абы куэд щIауэ хуэкIуэрт. Каринэ и адэ-анэм яхужиIа псалъэ гуапэхэр щыжетIэжым, езы Нини и гур нэхъ кьыззIунхащ.

- Каринэ ди щыпэтIагъуэ-ти, дызэремыпIапIэ лIэужьыгъуэ щIэныгъэ, - игу кьегъэкIыж анэм. - А зэманым «Земыкlуа щыкIэ - есыкIэ» жыхуаIэ сабий пIыкIэ Iэмалыр кьежьат. Арати, псым иплъэ мыхъу щыкIэ «хэзгъупщхьэри» сабий сымаджэ жыхуаIэр сымыщIэу зыкъомрэ екIуэкIащ. Сабий гъэсапIэм кIуэн зэрыщIидзэу, сымэджэн щIидзащ. Юрэрэ сэрэ лъэрыжэкIэ кьэджыхьыныр зыхэтлъхъэ щыIэтэкъым, дызэрызэрыцIыхуари лъэрыжэхэм я фIыгъэщ: ар кьегъэлакIуэу гуэлым щылажьэрт, сэ псым зэрытет лъэрыжэкIэ кьэзжьхьыкIрт. Хьыджэбэ цIыкIуэр тIэкIу кьыдэкIуэтя нэужь, дэ лъэрыжэкIэ кьэджьхыну дыкIуэху, сабий лъэрыжэ цIыкIу кьахуэтщэхуауэ, ахэри здэтшэрт. ЕсыкIи пасэ дыдэу зригъащIащ Каринэ. Аллергие сызэриIэм кьыхэкIыу, сэ щыхуабэм и деж кььадэм сыдэсыфыртэкъым. Сытыт удэскIи? Зы пэш фIэкIа мыхъу фэтэр дышIэсу аргуэ, блыиджабиIым уеплIу ущысынт? Гъэмахуэ кьэс зыгъэпсэхугъуэ лагерхэм щIондэ абыхэм я Iэмалхэр къагъэсэбэнуэр бгым кIуэ пэтми нэхъыбэ дэкIуеин щIадзащ.

♦1970 гъэм Японием къикIа экспедицэм щыщ Юичиро Миурэ пъэрыжэм тету Ипщэ Къуаэпэм кьехьыжьу мурад ищIащ, насып иIэу кьыщIэкIри, кьелащ.

♦1975 гъэм Японием щыщ цIыхуэ Табей Джанко Эверест дэкIуеящ.

♦1978 гъэм кислород баллон ямыIыгъыу Эверест дэкIащ Италием щыщ альпинистхэу Рейнгольд Месснеррэ нэмыщI Петер Хабелеррэ.

♦1980 гъэм Эверест гъуэз имыIэу ипхъу щIэрыIуэ дэкIащ Рейнгольд Месснер.

♦1982 гъэм Совет къэралым щыщ альпинистхэу Балыбердин Владимирэ Мысловский Эдуардрэ кьхэпIэ-ипщэ пъэныкъуэмкIэ Эверест дэкIуеящ.

♦ Махуитху дэкIри, абы иджыри альпиниститку дэкIуеящ. Абыхэм я цIэхэр: Хрищатый Валерий, Валиев Казбек, Голодов Юрий, Хомутов Валерий, Пучков Владимир.

♦2011 гъэм накьыгъэм и 21-м Эверест дэкIащ «КъуршIол» клубым къэзэрыгъэ гуэрхэр. Абы хэтащ:

Мэз Каринэ - Налшык, илъэс 28-рэ и ныбжьщ

Подолян Андрей - Москва, илъэс 29-рэ

Соков Дмитрий - Сахалин, илъэс 43-рэ

Признюк Игорь - Хабаровск, илъэс 33-рэ

Белоиван Юрий - Москва, илъэс 44-рэ

Грецкий Роман - Москва, илъэс 39-рэ

Каннидзаро Кристофер - США, илъэс 25-рэ

Гъуэзэхэр: **Ноэль Ханна**- Ирландие, илъэс 44-рэ

Бобок Виктор- Москва, илъэс 50. Дэтхэнэ зыми зы шерп и гъусащ.

Гуфи и унафэщIу щытащ **Абрамов Александр**.

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар
ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэщ.

ХЪУКЪЫМ

ЛъагапIэм кислородым лъыр нэгъэщI зыгуэру егъэлажьэри акъылыр нэхъ щхьэхынэ мэхъу, арауэ кьыщIэжIынщ абы и щхьэусыгъэр. Метр 30-м нэс задабзэу щыт бгым кIапсэр къоплэлэх. «ФызэбгрыкI!» жыбоIэри уокIий, ауэ зыри гъэзгум текIынукъым. БзаджэгъэкIэ узыхуекIуэ Iэмалым елытагъ укъелынрэ укъемылынрэ. Метриц-метрищуэр фIэдзащ кIапсэхэр бгым, ауэ «кошкахэр» пщыгъэ гугъу. Iейц абыхэм уарикIуэныр. Цыхуипщ зэуэ дэпщеин щIадзэри, ар Iуплъэгъуейщ. Зыщ1ыпIэ деж кIапсэр щыIэныкъо, хьадэ щэщIыр занщIэу елъэлъэхынущ. Сэ си щхьэм сытым деж и пльг: зыгуэркIэ кIапсэм эпытхъын щIидзэмэ, сыкъыхэпкIынщ, жыIэу. «Кошка»-хэм тынш дыдэу зэпагъэжьхэр щIидзэ. Iуащхьэмахуэ и метр минитхуэрэ нихъуэм уикIыу занщIэу минийм фIыуэ щIигъу Эверестым упкIэ хьунутэкъыми, абы и эхуаку дзэ гуэр сыхуейт. Утегушхуэ хъунущ, ауэ ар къызыфIэщIыжыныем хызогъэхъэ сэ. Тэмэму зэмыгъэхъзыраруэ, схуэфIэжIынущ жыпIэу уэзэпащэ хъунухьмкIи. Iуэхур зыIутыр къыбгурыIуэу щытын хуейщ. Хъунщ, зы мин хэбгъэхъэнщ зэмыгъэхъэзыру, ауэ уэхэт уэ занщIэу, уэзэрыуей кьудейм щхьэкIэ, апхуэдэ лъагагъым укъинщтэну? Араш Тянь-Шань сыщIыдэкIуеящ.

Фыхуеймэ, хьэлъакъуиплIу фынщ

Игорр эзэрэ псом яп метр 8.300 лъагапIэм дыкъэсыжат, ауэ ди гъуэзэм кислородыр кьемэщIэкI хъуащ. Абдежым гугъу Iейщ: уэ укъэсыжащи, кислород лей пIыгъщ, ищхьэкIэ щыIэ уи ныбжьэгъуэм ар яхуринкъуркъым. Ауэ зыкIи уадэIэпыкъуфIынукъым. Кислороду кьытхуэнжар зы шерпым эщIикъуэри ищхьэм джеящ абыхэм яритыну. ИтIанэми уогузаю.

Ди унафэщIым кьыджиIат дыкъыщехьыжьым: сыт фыхуеймэ фщIэ, фыхуеймэ хьэлъакъуиплIу фынщ, ауэ мыпхуэдэзманым дежь метр 6.300 лъагапIэм фынэсыжьын хуейщ, жиIэри. Сыкъэтхьэ дыджIуеймэ, къэхьжьагъуэм сыкъэзт пщыкIутI ихьащ. Зымыгъэнэхуахэр нэхьыбэжри тещат. Иныкъуэхэм я нэм имылъагъуэ хъуат, ар иужькIэ хокIыж. Дэ дыкъэсыжати, фыщыс, фыбауэ кислородкIэ жиIэрт унафэщIым, ауэ дауэ? Уэ зыпфIэгуныкIыжж хъууэ кислород лейкIэ убауэ ущIэсу, ищхьэм ар щагъуримыкъуу. Метр 7000 лъагапIэм къэсыжа нэужь, нэхъыбэм ар щIы захуэу кьафIощI, зыдэкIуеям иралытри. Лагерым дыкъэсыжри си сихьэт хуэдэ дыщысащ, шей дефащ. Нэхьыбэрэ ущыс хьунутэкъым. Ар псомэ кьащощI: загъэпсэхуну хуейщ, ауэ укъэувыIэныр Iэмал зимыIэщ. КъоIунщIу уи пIэм урахумэ, уграгъэхъулIауэ аращ. Дэ сыхьэт щщыкIутIкIэ дыкъэсыжащ. Ар щыбгъэпIуэрэ зыкъеребгъэщхьIи хуейуэ яращ. Iэмалынщэу щымыт гуэрщ абы ебгъащIэр: бгыщхьэм зыри кьыщыкIкъым, псыи щхьэм щыIэкъым, сыт абы ущIыдэкIуеинур? Iэпкlелъэпкъыр зэрыщытту мэныкъуакъуэ имыщIэн щхьэкIэ. Уэ уи акъылри уи зэфIэкIри кьыбогъэсэбэп, ар зэбгъэдэIуэн папщIэ.

«КхъыIэ, сыдэкIуеину хуит сыкъыщIыну схуелъэIу!»

- Сыт хуэдизэр бгым удэкIа Эверест и пкIэ?

- Iущащхьмахуэ щэм щIигъуэ сыдэкIащ, ар си гъжьапIэщ. Абы и мэщIщ, разряд сиIэн щхьэкIэ, нэгъэущ бгы гуэрхэм сыдэкIащ. 2008 гъэм Тянь-Шань сыкъыхэпкIынщ, жыIэу. «Кошка»-хэм тынш дыдэу зэпагъэжьхэр щIидзэ. Iуащхьмахуэ и метр минитхуэрэ нихъуэм уикIыу занщIэу минийм фIыуэ щIигъу Эверестым упкIэ хьунутэкъыми, абы и эхуаку дзэ гуэр сыхуейт. Утегушхуэ хъунущ, ауэ ар къызыфIэщIыжыныем хызогъэхъэ сэ. Тэмэму зэмыгъэхъзыраруэ, схуэфIэжIынущ жыпIэу уэзэпащэ хъунухьмкIи. Iуэхур зыIутыр къыбгурыIуэу щытын хуейщ. Хъунщ, зы мин хэбгъэхъэнщ зэмыгъэхъэзыру, ауэ уэхэт уэ занщIэу, уэзэрыуей кьудейм щхьэкIэ, апхуэдэ лъагагъым укъинщтэну? Араш Тянь-Шань сыщIыдэкIуеящ.

Ешы Эверест уIуплъэну тынщкъым. АпхуэдизкIэ лъагэщ, апхуэдизкIэ задэщи, хуэм-хуэмурэ щынэр кьыпIкърохьэ. Абрамов Александр къыджиэрт: «Фемыпль, фи гур ффэ- кIуэдынщ». Сэ щынэр зыхэсщIауэ схужыIэнукъым. Iуэхум зэрыпщIидзэрэ моуэ ешы бгым сриIоблагъэу кььефIыщIыр. Иджыпсту жысIэм схуээту цIыхуэхэм кьафIигъэщIынкIи хъунщ, ауэ сежьэн ипэкIэ Iуащхьмахуэ сельэIуащ. Абыр сэрэ дякум БфIагъ гуэр дэпщ, си унэжьым хуэдэу собж Iуащхьмахуэ. Арати, сельэIуат: «Уэри убыщ, ари бгыщ. КхьыIэ, сыдэкIуеину хуит сыкъыщIыну схуелъэIу».

- Эверестрэ Iуащхьмахуэрэ сыт зэрыгэщхьэщыкIыр?

- СыткIи. Iуащхьмахуэ си унэщи, си псэм пэгъунэгъущ. Эверест непалыбзэкIэ и цIэщ «Сагарматха», абы «Тхьэхэ я анэ» жиIэу аращ кIыкIыр. Абы щхьэкIэ а бгыр сытым деж цIыхубзу сыбжыкIыр. Сэри сызэрыцIыхубзым щхьэкIэ дызэпэгъунэгъуу, фIыуэ кьыхущIу кьыкIсфIэщIырт. Щынэ зыхэзмыщIа щхьэкIэ, а бгыр зэрыщынагъуэр и хьэлкIэ сщIэрт. Дахэу зыкъунгъэтъагъуу удрищеIуэ, Iейуэ зыкъыздэкIуеящ. Ар щыIэ хьунутэкъым. Ар псомэ кьащощI: загъэпсэхуну хуейщ, ауэ укъэувыIэныр Iэмал зимыIэщ. КъоIунщIу уи пIэм урахумэ, уграгъэхъулIауэ аращ. Дэ сыхьэт щщыкIутIкIэ дыкъэсыжащ. Ар щыбгъэпIуэрэ зыкъеребгъэщхьIи хуейуэ яращ. Iэмалынщэу щымыт зэманщхуэ ехь.

Сыхьэтихкъ удэкIуейр? сыхьэт тIощIрэ плIыкIэ укъехьажьмэ, абы кьикIыр сыхьэт щщIкIэ уи Iэпкlелъэпкъыр кьэбгъапIэуэрэ зыкъеребгъэщхьIи хуейуэ яращ. Iэмалынщэу щымыт гуэрщ абы сыщыкIыжыным зэманщхуэ ехь.

Сыхьэтихкъ удэкIуейр? сыхьэт тIощIрэ плIыкIэ укъехьажьмэ, абы кьикIыр сыхьэт щщIкIэ уи Iэпкlелъэпкъыр кьэбгъапIэуэрэ зыкъеребгъэщхьIи хуейуэ яращ. Iэмалынщэу щымыт гуэрщ абы сыщыкIыжыным зэманщхуэ ехь.

Бгым и етIуанэ цIэр япэ дыдэу ар картэм изытха Эверест Джордж и унэщIэм кьытеКIащ.

Эверест и лъагапIэр Китайм и Тибет куеим хохьэ. НепалыбзэкIэ абы зэреджэр «Сагарматха»-щ.

Эверест и щыгум цIыхуэр зэрынэсам и тхьадэр.

♦1921 гъэ: Тибет лъэныкъуэкIэ бгым щыдэкIуеину зи гугъа инджлыз альпинистхэм я мурадыр къехьулIакъым.

♦1921 гъэ: Нортон Эдвард и ещанэ экспедицэр метр 8572-рэ лъагагъкIэ псом нэхъ пэгъунэгъуэу кьуршыщхьэм бгъэдыхьащ. Махуэ зыбжанэ дэкIауэ, Мэллори Джордж Ирвинг Эндрию и гъусэу а лъагапIэ дыдэм нэсащ, ауэ абыхэм кьагъэзэжакъым.

♦1949 гъэ: альпинистхэр Эверест Непал лъэныкъуэкIэ кьыщыдэкIуеину иужь йохьэ. Ещанэ экспедицэр зыдэкIуеифар метр 5.800 лъагагъщ.

♦ 1952 гъэ, гъатхэмрэ бжьыхьэмрэ: Швейцарием экспедицитI кьокI. Яп дыдэу Эверест дэкIуеящ. НепалыбзэкIэ Кхумбэмрэ Ипщэ Къуаэпэмрэ блэкIыфащ. Экспедицэм хэтахэщ шерп Норгей Тенцингрэ швейцар альпинист-гъуаэз Ламберт Раймондэ. Дуней ехьэ кьызэIухьэри, и щхьэм нэсыным метр 220-рэ фIэкIа къахуэмынэжауэ, абыхэм я щхьэзэжащ. Апхуэдэу гъэзгу кьызэIуха хъуащ.

♦ 1953 гъэ: мы илъэсым зыхуэ уэзэауэ гъэхьэзэра экспедицэ бгым дэкIуеящ. Абыхэм я унафэщIэ щIэныгъэ хьэкIэщ. Абыхэм я ныкъуэ Эдмунд Хиллари и Джон. Пщэдджыжьым жыжьэ 1953 гъэм накьыгъэм и 29-м Норгей Тенцингрэ Хиллари Эдмундрэ яп дыдэу Эверест щыгум тетащ.

♦1954 гъэм щегъэжьауэ 1974 гъэ пщIондэ абыхэм я Iэмалхэр къагъэсэбэнуэр бгым кIуэ пэтми нэхъыбэ дэкIуеин щIадзащ.

♦1970 гъэм Японием къикIа экспедицэм щыщ Юичиро Миурэ пъэрыжэм тету Ипщэ Къуаэпэм кьехьжьу мурад ищIащ, насып иIэу кьыщIэкIри, кьелащ.

♦1975 гъэм Японием щыщ цIыхуэ Табей Джанко Эверест дэкIуеящ.

♦1978 гъэм кислород баллон ямыIыгъыу Эверест дэкIащ Италием щыщ альпинистхэу Рейнгольд Месснеррэ нэмыщI Петер Хабелеррэ.

♦1980 гъэм Эверест гъуэз имыIэу ипхъу щIэрыIуэ дэкIащ Рейнгольд Месснер.

♦1982 гъэм Совет къэралым щыщ альпинистхэу Балыбердин Владимирэ Мысловский Эдуардрэ кьхэпIэ-ипщэ пъэныкъуэмкIэ Эверест дэкIуеящ.

♦ Махуитху дэкIри, абы иджыри альпиниститку дэкIуеящ. Абыхэм я цIэхэр: Хрищатый Валерий, Валиев Казбек, Голодов Юрий, Хомутов Валерий, Пучков Владимир.

♦2011 гъэм накьыгъэм и 21-м Эверест дэкIащ «Къуршlол» клубым къэзэрыгъэ гуэрхэр. Абы хэтащ:

Мэз Каринэ - Налшык, илъэс 28-рэ и ныбжьщ

Подолян Андрей - Москва, илъэс 29-рэ

Соков Дмитрий - Сахалин, илъэс 43-рэ

Признюк Игорь - Хабаровск, илъэс 33-рэ

Белоиван Юрий - Москва, илъэс 44-рэ

Грецкий Роман - Москва, илъэс 39-рэ

Каннидзаро Кристофер - США, илъэс 25-рэ

Гъуэзэхэр: **Ноэль Ханна**- Ирландие, илъэс 44-рэ

Бобок Виктор- Москва, илъэс 50. Дэтхэнэ зыми зы шерп и гъусащ.

Гуфи и унафэщIу щытащ **Абрамов Александр**.

Тхыгъэхэр зыгъэхьэзырар
ЖЭМЫХЪУЭ Марьянэщ.



Министр АфIэунэ Аслъэн и псалъэ.
Налшык, Абхъазым и ут, 2011 гъэ, мэкъуаугъуэм и 8

Каринэ утыку къращэ.
Тамбукъан, 2011 гъэ, мэкъуаугъуэм и 8

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Хьэфыщ1э Мухьэмэд Мэз Каринэ къергъэблэгъэж.
«Минводы» аэропорт, 2011 гъэ, мэкъуаугъуэм и 8

Мэз Каринэ цIыкIу и адэ-анэм ящIыгъуу Налшык паркым зыщегъэнсху. *1985 гъэ*



И адэ-анэмрэ и шыпхъумрэ я гъусэу.
Дзэлыкъуэ район, Тамбукъан, 2011 гъэ



«Къебгъэж, ди шыпхъу лъапIэ!»
Минводы, 2011 гъэ, мэкъуаугъуэм и 8

Мэхъуэщым и щапхъэ

● ГъащIэ

Гъащiэм и Iефiри и дыджри зыцIыхуа лэжьакIуэ Iумахуэ, нэхъыжьыфIщ нобэ зи гугъу фхуэтщIы-нур, Мэхьуэщ Сультiан 1931 гъэм Дзэлыкъуэ куейм хыхь Малкэ кьуажэм кьыщалъхуами, ар щыпсэур Кьамылыкъуэщ. Ильэс бжыгъэ куэдкIэ Кьамылыкъуэ кьуажэ школым и унафэщIу лэжьащ. Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я зэгухьныгъэм и тхьэмадэщ.

- ДЭ ЗЭРЫБЫНИБГЪУ дыхъурт, - жеIэ Сультiан, - ди адэ-анэм къуихрэ пхъунцрэ дапIащ. Тыншт-экъым апхуэдэ унагъэущ-хуэ а зэманым зыхъеяуэ хуэбгъэззэну. Ди анэр махуэ кьэс колхоз губгъуэм лэжьакIуэ кIу эрт. Абы щыгъуэ иджы хуэдэу сабий сад щыIэтэкъым. Лэжьыгъэм укъыпэрыкI щымыхьукIэ, къэнэжрати, сабийхэри губгъуэм дыздахьырт. ДыкъимыкIыфым хуэдэу мащэ кьатIыртри, драгъэтIысхьэрт, щIэхщIэхьыуэ кьакIуэуэрэ езыхэр кьыткIэлъыплъырт.

1938 гъэм Кьамылыкъуэ дыкъэIэпхъуащ. Си кьуэш нэхъыжь Кьарней а зэманым институтым кьиухри, Ленинград аспирантурэм щIэтIысхьауэ абы щеджэу, абы кьыкIэлъыкIуэ Кьэрэкъан Нагорнэ куейм (Дзэлыкъуэ дзэыгъэзэйм апхуэдэу еджэу щытащ) комсомол организацэм и секретарь щыIэрт, Нэкъупщ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр училищэм зы илъэскIэ щеджэри, Приречнэ кьуажэм дзт курыт школым и егъэджакIуэу кьэкIуэжат. А гъэ дыдэм пэщIэ дзэ еджапIэм сыщIэтIысхьащ. Сабийхэр щеджэн школ кьуажэм дзттэкъым, щыкIуэр зыщIэхуэн пэщ лей зиIэ унагъуэхэм я деж щрагъаджэр т.

- Зауэм кьулейсыгъэу кьызыдихьар псоми ильэIэсат. 1941 гъэм дзэм ираджа си кьуэш нэхъыжьищми кьагъэззжатэкъым. Псори зэрыщыгъуазэщи, зауэ нэужь зэманым хьэлэт, лэжьакIу эр машIэ. 1945 гъэм и щыщхьэIу мазэу губгъуэм дитт; тракторым пхъэIэщэр щIэтчу, вэну щыхьыхьэкIэ щIэддзэжу. А жэщ-махуэхэм ящыщ зым хьэсэм зэрымыщIэкIэ сыщыкеяуэ, тракторым дэсым гу кьыслымытэу кьыстеувауэ щытащ. Абы фэбжьышхуэ хэсхат, ильэс ныкъуэкIэ ерагъкIэ си узынщагъэр зэтеувэжауэ аращ. СощIэж 10-нэ классым сыщIэсу бжьыхьэ, гъатхэ щIыпIэр уэлбанэу льапцIу школым сыщыкIуа куэдрэ кьыззэрысхуихуар. Классхэр ягъэлыртэкъым, щхьэгъубжэхэр хэльтэкым, льэгуэкр кьитхат. Абыхэм кьинэмыщIа, дызэрытхэ щэкъэр зэрэгтым ищтыхьырти дигъэлажьэртэкъым, тхылымпIэри гъуэгуфIэкIти, гъат, тхылъхэм я зэкуэкужьм дыщытхэу арат, - игу кьеГъэкIыж Сультiан.

1950 гъэм Налшык дэт институтым и физико-математикэ факультетым Сультiан щIэтIысхащ. 1954 гъэм екъулIэныгъэкIэ ар кьиуха нэужь, щIэныгъэм щыпащэну Москва ягъэкIуэну студент нэхъыфIхэм ящыщт Мэхъуэщыр. Ауэ кIуэ хуэкъым: и анэр гугъу ехьырт, кьуэш, шыпхъу нэхъыщIэ иIэти, аэр егъэджэн хуейт. Кьуажэм кьигъэззэкри егъэджакIуэу лэжьэн щIидзащ. Школ Iуэхури губгъуэ Iэжьыгъэри эдакъырт абыхэм. ЕгъэджакIуэхэри еджакIуэхэри колхозым дэIэпыкъурт: нартыху кьыдачырт, гуэдз щхьэмыж кьэнах эр кьащыпыжырт.

ЕгъэджакIуэу лэжьэн зэрыщIидзэрэ ильэсипIл фIэкIа дэмыкIыу, Сультiан кьуажэ школым и унафэщI кьулыкъур кьыхуагъэфэщащ. ПщIэ кьыхуащIу ильэс тIощым щIигъукIэ ар школ унафэщIу лэжьащ. И узынщагъэр зэрекIэнкIуар и щхьэусыгъуэу, а Iэнатiэр абы кьигъэнэн хуей хьуат, ауэ Iуэхуншэу щысакьым. «Школым сыкъыщыIукIыжам зэман куэд дэмыкIыу, си еджакIуэу щыта, райпом и унафэщI щIалэ кьэпсалъэрэ си Iуэху зытетым зыщигъэгъуэзащ икIи тыкуэн кьыззIуихыну зэримурадыр кьызжIащ. Абы и тету сагъэуври ильэс 17-кIэ сыщылэжьащ», - жеIэ Сультiан.

Иужькь Iэ, Кьамылыкъуэ кьуажэ администрацэм и жэрдэмкIэ, Сультiан зауэмрэ ветеранхэмрэ я зэгухьныгъэм и унафэщIу хахащ. Нобэр кьыздэсым а Iэнатiэм бгъэдэтщ, сыт хуэдэ лэжьыгъэм нэгъэсауэ зэрыззэфIигъэкIыным яужь ити. Кьых эбгъэщмэ, араща зи фыгъэр зауэм хэкIуэдахэм я фэепль кьуажэм зэрыщагъэувар.

- Мы лэжьыгъэм сызэрыпэрыувэрэ зэфIэтха Iуэхухэм ящыщ кьуажэхэхэр зыхуей зэрыхуэдгъэзар. Абы екIуалIэ гъуэгур Iейти, асфальт тредгъэлъхьащ. Езы кхъэри цыкIу хьуати, щым кьыхьдгъахьуэри нэхъ ину кьэдухьуреихьыжащ, - жеIэ Мэхъуэщым. - 2002 гъэм псыкьиум илъэс тIощжанIэр щыхуэхэр зыхуэныкьуэт. Ди кьуажэдэсхэм я псы-Iэрышэ щыкIур икьукIэ сэбэн кьахуохьу: пхъэщхьэмыщхьэр, хадэхэкIыр кьагъэкIын папщIэ, абы хуэныкьуэщ. Ар зэгъэзэпэщIыкIыным и Iуэхум и ужь сихьэри, 2006 гъэм сэ КьБР-м и Президент Кьанокуэ Арсен ди гукьеуэр хуэстхащ. 2007 гъэм, етIуанэу абы яужь сихьауэ, Президентыр кьуажэм кьэкIуащ, ди Iуэху зытетми нэхъ гъунэгъуэ щыгъуэ зэ зищащ. Абы и фIыщIэкIи мы Iуэхум унафэ игъуэтащ.

Апхуэдизкь кьалэн и пщэ дэльми, Сультiан лэжьыгъэр Iэщыб ящIакьым. Кьуажэми, районми зэхьыбэ ирагъэкIуэкIэхэм ирагъэблагъэ, Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я район зэгухьныгъэм и жэрдэмкIэ, илъэс кIуам абы кьыхуагъэфэщащ зэфIихэ лэжьыгъэфIэм папщIэ медаль. КьыщынэмыщIауэ, абы и цIэр ихуащ «Кабардино-Балкария и лицах» тхылъым.

И сабиигъэ ущ кьыщыщIэдзауэ гугъуехь куэд зыльэгъуа нэхъыжьыфIым жеIэ: «ГъащIэм сыкуэрэззыщ. Иджыпсту сегъкIэ нэхъыщхьэр ди щIэблэр узынщэнырыщ».

Мэхъуэщ Сультiан унагъуэ дахи иIэщ. Абыхэр и щхьэгъусэ Лусэрэ бынипIл зэдапIащ. Иджы ахэр ягъэгуфIэ я кьуэрылъхъ-пхъурылъхъ цыкIухэм. Абыхэм я гуфIэгъуэ, насыпи куэд яльагъуну ди гуапэщ.

БАЦЭ ФатIимэ.

Сультiан кьыдэлажьэхэмрэ иригъаджэхэмрэ я гъусэу. *1980 гъэ*

● Узыншагъэ

Уз зэрыцIалэхэм защыфхъумэ

робкэр цIыхум кьыпкърыхьэнкIэ хъунущ ерыскъыпхъэм хэлъу, махуэ кьэс кьадгъэсэбэп, хьэпшыпхэм кIэрыпIу. Абы кьыхэкIыу Iэмал имыIэу щIэх-щIэ хьыуэ фи Iэхэр фтхьэщIын хуейщ, псом хэмыдэу фыщIшхэнымрэ фыщыпщэфIэнымрэ и пэ кьихуэу. Фи пщэфIапIэр сытым дежи кьабзэу зефхьэ, ерыскъыпхъэхэр зэрахьмэ хабзэхэр вгъэзащIэ. ХадэхэкIэр фшхын и пэ, кьабзэу фтхьащI, псы кьэкъуатэ дэвгъэжех, шэр вгъэпщат.

КIэтIийхэм я зэрыщIалэр кьемыуэлIэн папщIэ Iыншагъэр хьумэныкIэ дунейпсо зэгухьэныгъэм мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэр гъэзэщIапхъэу кьегъэувэ:

1. Кьабзагъэм и хабзэхэр вгъэзащIэ:

- ерыскъыхкI кьэфщтэн, фыпщафIэн и пэ кьихуэу, фи Iэхэр фтхьащI;

- псыпэм фыкъыщIэкIыжа нужь, фи Iэхэр фтхьащIых;

- фыщыпщафIэкIэ кьэвгъэсэбэп дэтхэнэ зы хьэпшыпри стIолыщхьэпи фIыуэ вгъэжьбзэж;

- фи пщэфIапIэр, ерыскъыпхъэр бадзэхэм, дзыгъуэхэм, унэ псэущхьэхэм ящыфхъумэ.

2. Шхын хьэзырымрэ фыпщэфIын хуей ерыскъыпхъэхэмрэ щхьэхуэу вгъэтIылъ:

- лы, бдзэжьей щынэхэр нэгъуэщI ерыскъыпхъэхэм я гъусэу фымыгъэтIылъ;

- апхуэдэ ерыскъыхэкI щынэхэм фызэреIуэсI Iэмэпсымэхэр щхьэхуэу щывгъэгъэль.

3. Дэтхэнэ зы ерыскъыхэкIри фIыуэ вгъавэ е вгъажьэ:

- псом хуэмыдэу лыхэкIэр, бдзэжьейхэкIхэр, джэдыкIэр фIыуэ вгъавэ е вгъажьэ;

- хьэнтхъупс зэмылIэужьыгъуэхэр щывгъэхъэзыркIэ ахэр фIыуэ кьытбегъэкьуалъэ, градус 70 пщтырагъым нэсыху. Лы вгъэвам и дэпсыр узэпхрыплъу кьабзэу щытын хуейщ;

- нэхъапэкIэ фпщэфIа ерыскъыхэр фшхыну кьыщыфщтэкIэ, фIыуэ кьэвгъэхуабэ.

4. ЕрыскъыхэкIэр температурэ щхьэхуэ здэщIыпIэм щыфхъумэ:

- вгъжьэзыра ерыскъыр сыхьэтитI нэхъыбэкIэ пэш хуабэм щIэвмыгъэт;

- псынщIэу зэкIуэкI ерыскъыхэр нэ хъ псынщIэу щыIапIэм зэрыф хьыным нужь фит;

- вгъжьэзыра ерыскъыр Iэнэм тевгъэувэхукIэ пщтыру щывгъэт;

- ерыскъыр куэдрэ фымыхьумэ, ар щIыIатъэм дэтми;

- ерыскъыхэкI щтар пэш хуабэм кьыщывмыгъэвэж.

5. Псымрэ псэущхьэмыщIхьэ хэмрэ кьыщывгъэсэбэпкIэ фысастэ:

- фызэфэну псыр кьэгъэкуэльауэ щытмэ, куэдкIэ нэхьыфIщ;

- Iэмал имыIэу пхъэщхьэмыщIхьэхэр хадэхэкIхэри быдэу фтхьащI;

- зи пIалъэр икIа ерыскъыхэкIхэр кьэвмыгъэсэбэп.

ХЬЭЦЫКIУ Климентий,
КьБР-м и кьэрад докутыр нэхъыщхьэ, КьБР-м щIыхь зиIэ и дохутыр.

Демичевэ Верэ Сергей и пхъур

Мэкъуауэгъуэм и 6-м дунейм ехьажащ Демичевэ В. С. Дунейм ехьажащ цIыху гуапэр, ныбжьыгъу пэжыр, коммунист нэсыр.

Демичевэ В.С. 1934 гъэм кьалъхуащ. 1967 гъэм щыщIэдзауэ 1975 гъэм нэс ар КПСС-м и Налшык кьалэ комитетым учетымкIэ и секторым щыIэжьащ. 1975 - 1990 гъэхэм КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым эпыымуэу щыIэ комиссэхэм я лэжьыгъэмрэ наградэхэмкIэ и кьудамэм и инструктору щытащ. 1968 гъэм щыщIэдзауэ коммунист партым хэтащ. Иужьрей илъэсхэм ар КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомым хэтащ, республикэм и парт организацэр зэфIэгъэувэжьнымрэ гъэбыдэныкIэ КПРФ-м и Налшык кьалэ комитетым жьыджэру дэIэпыкIуащ.

Демичевэ Верэ Сергей и пхъум и гъащIэ гъэзэгуанэр пщIэрэ щIыхьэр иIэу кьикIуащ. Абы и щыхьэтщ щытхъу тхылъ, наградэ куэд кьызэрыратар. Демичевэ Верэ и лэжьэгъуэ щытахэм я гугъу кьинащ абы хэльа жэуапIныгъэр, цIыхугъэр.

Демичевэ Верэ Сергей и пхъур дунейм зэрехьажар республикэм и коммунистхэм, ар зыщIыхуэу щыта псоми я дежкIэ хэщIыныгъэшхэщ икIи абыхэм а цIыху гъуэгуанэм зэи ящыгъупщэнкъым.

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр рескомэ.

● Атлетикэ псынщIэ

Кучинэ Марие ещанэщ

Атлетикэ псынщIэмкIэ командэхэм я урысей чемпионат Сочэ щекIуэкIащ.

АБы хэтащ спортсмен 800 кьызэщIэзыубыдэ зэрыпхьаи и команд 56-рэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и гуп кьыхэкам щыщ Кучинэ Марие метр 1,92-рэ лъагагъым дэлъейри жэ я медаль кьиухащ.

Апхуэдизуи Сочэ щыIэзэхтащ атлетикэ псынщIэмкIэ Ипщэ, Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ щIыналъэхэм я еджакIуэхэм атлетикэ псынщIэмкIэ я спартакиадэ. Республикэм и командэ кьыхэхам хэта спортсмен 25-м ящыщу 15-м екъуIэныгъэхэр зыIэрагъэхьащ. Ди щIалэхэмрэ хьыджвбзэкэмрэ дыщэ медалу 6, дыжьыну 5, жэзу 4 кьыздэщIащ.

ГЪЭУНЭ Светланэ.

● Бокс

НыбжьыщIэхэр зыгъэгушхуэ ехъулIэныгъэ

БоксымкIэ урысейпсо зэпеуэу Пятигорск щекIуэкIам хэтащ Iуащхьэмахуэ куейм и боксер ныбжьыщIэхэр.

БАХЪСЭН Ипщэ щыIэ бокс секцэм и гъэсэнхэм зэфIэкI хьарзынэхэр ягъэлъэгъуащ икIи медаль зэмылIэужьыгъуэу плIы кьахьащ.

Ныбжькъэ нэхъыщIэ боксерхэм я деж щытекIуащ Гъэжей Нанурэ (кг 26-рэ) Джалпуев Расулрэ (кг 30). КъыкIэлъыкIуэу етIуанэ увыпIэхэр кьахьащ Узденов Кесуан, Рахаев Аслъэн сымэ.

Бахьсэн Ипщэм и боксер ныбжьыщIэхэм нэгъэущI ехъулIэныгъэхэри республикэм адэкIэ щызыIэрагъэхьащ. А псори и фIыщIэщ я тренер Хаджиев Мурат.

ТАРИМ Алисэ.

Мэкъуауэгъуэм и 15-м «Спартак-Налшык» профессионал футбол клубым и директорхэм я советым и зэIущIэ екIуэкIащ. Абы кьыщаIэтащ налшыкдэсхэм я тренер нэхъыщхьэ Ещтрэчым Владимир и лэжьыгъэр.

Ташу Сергей Ещтрэчыр ихъуэжрэ?

● Футбол

ДИРЕКТОРХЭМ я советым кьилъытащ «Спартак-Налшыкым» и тренер нэхъыщхьэм и лэжьыгъэр арэзы укъэзэмыщIу икIи генеральнэ директор Балэ Владимир и пщэм далъхьащ Ещтрэчым иращIылIа эзгурыIуэныгъэр мэкъуауэгъуэм и 15-м щыщIэдзауэ зэпичъэуну.

Хьыбар кьызэрытIэрыхьамкIэ, налшыкдэсхэм зэпсэльэныгъэхэр драгъэкIуэкI Ташу Сергей.

Ташум и тренер лэжьыгъэм щыщIидзащ 1992 гъэм Буденновск и «Дружба»-м (иджы «Кемчужина»-м). КъыкIэлъыIуэу, 1996 - 1997 гъэхэм Бахъсэн и «Автозапчасть»-м щылэжьащ. 1999 - 2000 гъэхэм кьриубыдэу Самарэ и «Крылья Советов»-м и тренерхэм ящыщ зыуэ лэжьащ. 2004 гъэм Владикавказ и «Автодор»-м и тренер нэхъыщхьэм и кьалэнхэр игъэззэщащ. 2005 - 2006 гъэхэм «Сатурн»-мрэ «Гэрэ»-мрэ я тренер нэхъыщхьэу лэжьащ. 2006 гъэм етIуанэ дивизионым щыджэгу Серпуховэ и «Звезда»-р игъэхьэзыращ. 2007 гъэм Ташур дэлэжьащ апэ дивизионым хэт «Спартак-МЖК»-м, арщхьэкIэ зэхьэзэхуэм и апэ зэIущIплым командэм зы очко фIэкIа кьызэримыхьыфам кьызэкIкIэ, и кьулыкъум трагъэкIауэ щытащ. 2007 - 2008 гъэхэм абы игъэсащ етIуанэ дивизионым щыджэгу «Луховицы»-м. 2008 гъэм и нэхьыгъэм кьыщыщIэдзауэ 2009 гъэ пщIондэ Белгород и «Салют-Энергия»-р игъэхьэзыращ. 2009 - 2010 гъэхэм Краснодар и «Краснодар»-м дэлэжьащ. Ауэ, Красножан Юрий «Спартак-Налшык»-м кьигъанэу «Локомотив»-м щыкIуэм, налшыкдэсхэм я унафэщIэхэм тренер нэхъыщхьэу ягъэувыну кьагъэгугъэри, гъэ джэуапIныгъэр имыух щыкIэ Ташур «Краснодар»-м кьыIуэкIыжащ. АрщхьэкIэ абы щигъуэм Ещтрэчым и Iуэхур кьикIри, ди командэм и унафэщIыныр Сергей кьыIльасэкъым.

Иджы, мы махуэхэм, Ярославль и «Шинник»-м зэпсэльэныгъэхэр дезыгъэкIуэкI Ташу Сергей «Спартак-Налшыкым» аргуэру кьрагъэблэгъащ.

ЖЫЛАСЭ Замир.

Сультiан кьыдэлажьэхэмрэ иригъаджэхэмрэ я гъусэу. *1980 гъэ*



● Теплъэгъуэхэр

Ди кьурышыс узрэхи я зы теплъэ. *Сурэтыр* **КОЗУБ Валерие** *трихащ.*

ЩIэпхъаджащIэхэр кьалъыхъуэ

КъБР-м и хабзэхъумэхэм кьалъыхъуэ «Старэ Щэрэдж - Жэмтхьэлэ - Сухан-Су» административнэ гъэзугум, Жэмтхьэлэ Ищхьэрэ Iуажэ дыхьэпIэм дежи щыта ВАЗ-2115 плъыр автомашинэм IэщэкIэ еуа щIэпхъаджащIэхэр.

БзаджащIэхэр автомашинэм щытеуам полицэм и зы лэжьакIуэ уIэгъэ хъуащ. Абы медицинэ дэIэпыкъунытIэ ираттащ.

Щэрэдж куейм «Вулкан-3» лэжьыгъэр щокIуэкI.

КъБР-м и Хабзэхъумэ IэнатIэхэм я зэдай хъыбарегъащIэ центр.

Сакъыныгъэр зыщывмыгъэгъупщэ

Ятха щIэпхъаджагъэхэм я Iыхьэ щанэр фэтэрэхэм зэрыщыдыгъуэрщ. Кьэрал кIуащI IуэхуэхэмкIэ Iэнатiэм я дежкIэ апхуэдизкьэм ебэныныр нэхъ гугъуэхэм ящыщ.

Милицэм и лъэжьакIуэхэм гулъытэ хэха хуащI зи гугъу тщIа щIэпхъаджагъэхэр кьыщIэгъэщыным. Псом хуэмыдэу иджыпсту балигъэхэри сабийхэри щысакьым хуей зэманщ. Фи зыгъэпсэхуныгъэр фубзыхун и пэкIэ, фи мылъкур хьумэ зэрыхъунум и Iуэху зефхуэ. Фи щIыхьэпIэ бжэр вгъэбыдэ, хьумакIуэ сигнализацэ, дызыкь зыхуэфащI Iункъыбзэ хэвгъэувэ. Зыщымыгъэгъупщэ щIэпхъаджащIэхэм пластик щхьэгъубжэхэр тыншу хагъэпкI, бжэхэр якъутэ, Iункъыбзэлъхэр Iэзэу кьагъэсебэп.

Фи сабийхэм ягу кьэвгъэкIыж Iункъыбзэлъхэр зытIощIыпIэхэм я жыпым кьыщрамынэну, нэгъуэщIым ирамытыну. ЗыгуэркIэ вгъэкIуэд хъужьыкъуэмэ, псынщIэу зэфхъуэкI. Унэм фыщIщIэкIкIэ, фи балконэм я бжэхэр, щхьэгъубжэ цIыкIуэр быдэу вгъэбыдэ. Зэман кIыхьэ унэр зэущIу кьэвгъэнэн хуей хуэмэ, ар щыкIу нэхъ мащIэм зэращIэным фыхущIэкъу, хьэпшып лъапIэхэр ахьумэну фи Iыхьлыхэм кьахуэвгъанэ.

Налшык кьалэмкIэ УВД-м и телефонхэр: плъыр часть - **49-46-02**, **77-05-74**; «дзыхь зрагъэз» телефон - **49-47-34.**

КъБР-м ЩIалэгъуалэм я Iуэхуэхэмрэ жылагъуэ зегухьэныгъэхэм ядэлэжьыкIэ и министерствэм, КъБР-м Щ1ихьэтомкIэ и министерствэм, КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», Советская молодежь», «Горянка» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Мингитау», «Литературная Кабардино-Балкария», «Нур», «Нюр», «Солнышко» журналхэм я редакцIхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» кьэрал телерадиокомпаниэм, программэхэр къэзыт «Къэбэрдей-Балъкъэр» телерадиокомпаниэм, «НОТР-Налшык» жылагъуэ телерадиокомпаниэм, «Эльбрус» тхылъ тедапIэм я лэжьакIуэхэм Iуащхьэ я ящыхьуащ **Акаев Тэхьир Биберт и къуэр** игъэ ушыжу зэрылIар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТЭХР
Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **ЖЪхЭIэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Исэпшан Залинэ, Кьардэн Маритэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIапIанэ кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и кьуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щIэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъумэ Iуэхуэщ1апIэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ пресмэхэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыихьа бжыгъэхэм, кьыщаIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъыкIэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцмрэ я Iуэху епльыкIэр зэтеухуэ зэныту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьныр и пщэ дальщ федеральнэ пощт зэныщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щрыкIэ жэуап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №П-0065-м щIэту ятхащ.

Зы пIалъэм газетыр 250-р къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытредзащ.

КъБР, Налшык кьалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщкI Соня, редактору Жылаэ Заурбэч, корректорхэу Афэ Тамарэ** *(2, 3-нэ нап.)*, **ПхытIыкI Юрэ** *(1, 4-нэ нап.), корректорхэм и дэIэпыкъуэгъу* **БатIитIэ Марьят. *Компьютерхэр зэхэтым и теплъэр ящIащ*** **Дол Маринэ, ГъукIэлI Рае,** *сурэтхэм елэжьар* **Бищу Жаннэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатiэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытредзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531●Тираж 10.025● Заказ №1622